



U.S. ENVIRONMENTAL PROTECTION AGENCY

NEWS RELEASE

EPA.GOV/NEWSROOM

EPA Bay Mizajou sou Etid Echantiyonaj Sekansyèl,

Pwochen Etap pou Abòde Plon nan Dlo Potab nan St. Croix

Kontak: Carlos Vega, (646) 988-2996, vega.carlos@epa.gov

NEW YORK (7 desanm 2023) Nan kad patenarya kontinyèl li avèk gouvènman Zile Vyèj Etazini yo pou abòde plon ki idantifye nan sistèm distribisyon dlo a nan St. Croix, jodi a EPA ap anonse ke li te konkli etid echantiyonaj sekansyèl li a epi te fè yon seri rekòmandasyon preliminè bay patnè li yo. Premye echantiyon ke EPA, Depatman Planifikasyon ak Resous Natirèl (DPNR), Inivèsite Zile Vyèj yo ak Otorite Dlo ak Elektrisite Zile Vyèj (WAPA) te pran nan mwa septanm nan kontè distribisyon dlo yo te montre nivo plon enkyetan, men done echantiyonaj ekspè EPA yo analize endike nivo plon nan wobinè kay yo pi ba anpil pase sa yo te jwenn nan kontè distribisyon yo. EPA te devlope yon lis preliminè aksyon rekòmande ke gouvènman Zile Vyèj Etazini yo ta dwe pran, ki gen ladan edike rezidan yo sou etap yo ka pran lakay yo pou diminye ekspozisyon a plon, ansanm ak amelyore tretman kontwòl lawouj sistèm dlo a ak ranplase eleman ki gen plon nan sistèm distribisyon an. Yon rapò final sou etid echantiyonaj sekansyèl la ap disponib disi mitan mwa desanm.

Nan 119 echantiyon ki te kolekte pou etid echantiyonaj sekansyèl la nan 11 kay yo, twa echantiyon te montre nivo ki pi wo nan Nivo Aksyon Plon pase 15 pati pa milya (ppb) EPA a. De nan echantiyon sa yo te soti nan premye priz la pi pre wobinè a (28.8 ppb ak 18.4 ppb); twazyèm lan te soti nan dlo pi pre kontè a (23.2 ppb). De premye rezilta priz yo, pi pre wobinè a, endike plon an gen anpil chans soti nan plonbri lokal la nan wobinè a oswa ayeratè a; twazyèm rezilta a, pi pre kontè distribisyon an, endike plon an gen anpil chans pou soti nan materyèl plonbri ki fèt avèk plon nan ak nan alantou kontè distribisyon an. Kay ki gen gwo nivo plon pi pre kontè distribisyon an te gen yon tan inaktivite pou kat jou, parapò ak lòt kay yo avèk yon tan inaktivite sis èdtan, sa ki ka konte pou nivo plon nan echantiyon sa.

"EPA pran oserye nenpòt ka plon oswa potansyèl pou plon nan dlo potab, e mwen felisite gouvènman Zile Vyèj Etazini ak WAPA paske yo te pran aksyon imedya pou konseye moun yo pou yo pa konsome dlo a, pou kolekte plis echantiyon, kòmanse ranplase konpozan nan sistèm nan epi devlope yon pwogram kupon," se sa ke Administratè Rejyonal EPA a Lisa F. Garcia te

di. “Sa nou te wè okòmansman nan echantiyon nou te kolekte nan mwa septanm yo te montre nivo plon ki trè wo. Menm si echantiyon sa yo pa t soti nan yon pati nan sistèm dlo a kote yo pran echantiyon nòmalman, EPA ak gouvènman Zile Vyèj la te gen yon responsablite pou pran aksyon desizif epi mennen plis ankèt sou sitiyasyon an.”

Garcia te ajoute, “Nivo plon nou te wè nan echantiyon ki vin apre yo, ki gen ladan etid echantiyonaj sekansyèl detaye nou an, pi ba anpil pase premye echantiyon sa yo. Men, yo montre kanmenm enpe plon. Sa a konfime nesosite pou asire ke founisè dlo a ak konsomatè yo pran bon jan mezi pou pwoteje moun epi diminye potansyèl ekspozisyon a plon.”

Nan kad travay li ak gouvènman USVI a pou pi byen konprann kontni dlo wouj ak dlo mawon yo wè k ap soti nan wobinè kay yo nan St. Croix, EPA te analize echantiyon yo pran nan kontè distribisyon yo pou detèmine kontni metal yo genyen nan yo. Rezilta sa yo te montre gwo nivo plon ak kwiv, ki mande aksyon imedya alafwa bò kote EPA ak Gouvènman Zile Vyèj Etazini yo.

Apre yo te egzamine rezilta yon etid echantiyonaj sekansyèl an novanm epi konsidere done ki te pwodwi apati echantiyonaj depi septanm, EPA ap travay nan kolaborasyon ak gouvènman Zile Vyèj la pou jwenn yon fason pou leve rekòmandasyon ke moun nan St. Croix pa konsome dlo ki soti nan sistèm distribisyon an.

“EPA t ap travay ak Zile Vyèj Etazini depi nan kòmansman pou ogmante konpreyansyon nou sou sa ki te orijin gwo nivo plon yo, e nou santi nou gen ase enfòmasyon pou gide pwochen etap yo,” se sa Administratè Rejyonal la, Garcia, te ajoute.

Nivo plon yo te jwenn nan wobinè kay prive yo pandan etid echantiyonaj EPA a, koresponn avèk nivo yo wè nan lòt kominote atravè peyi an. Byenke pa gen okenn nivo plon ki an sekirite, gen etap pratik ke moun ka pran pou diminye ekspozisyon yo a plon nan dlo kay yo. Sa yo gen nan yo flòch tiyo yo anvan yo konsome dlo, regilyèman netwaye ayeratè yo (ekran wobinè) pou retire sediman ak debri, epi byen sèvi avèk ak jere yon filtè dlo ki sètifye pou retire plon.

Anvan rezidan yo kòmanse konsome dlo nan sistèm distribisyon WAPA a ankò, EPA ap mande pou ajans regilasyon USVI yo ak WAPA devlope epi aplike yon plan konplè pou edike piblik la konsènan etap yo ka pran pou diminye ekspozisyon yo a plon nan dlo potab. Aplikasyon plan sa a pral ede diminye risk plon nan dlo pou bwè epi pèmèt rezidan yo rekòmanse konsomasyon dlo a si yo swiv machaswiv ki bay nan kanpay edikasyon an.

EPA rekòmande tou pou WAPA abòde plon ki soti nan sistèm distribisyon an, ki gen ladan optimize kontwòl kont lawouy nan St. Croix ak ranplase pyès ki gen plon nan sistèm distribisyon an. Zile Vyèj Etazini deja kòmanse aplike rekòmandasyon EPA yo.

Deklarasyon federal ak lokal ki annapre yo konsantre sou plon. Pandan ke pwoblèm chajman koulè wouj/mawon dlo a gendwa pa endike yon menas sante imedya, EPA rekonèt ke pwoblèm sa yo grav kanmenm epi yo bezwen atansyon. Kèk nan mezi ke alafwa konsomatè yo ak sistèm

nan ap pran pou diminye plon ka ede tou pou chanjman koulè wouj ak mawon an epi EPA ap kontinye konsilte avèk Zile Vyèj Etazini yo pou rezoud pwoblèm sa a.

EPA ap òganize yon reyinyon piblik ibrid pou enfòmasyon piblik la epi l ap afiche detay reyinyon sa a sou sit entènèt li a. Pou plis enfòmasyon sou travay EPA a konsènan dlo potab Zile Vyèj Etazini yo ak pou plis mizajou, tanpri [vizite sit entènèt dlo potab Zile Vyèj Etazini nou an](#).

Swiv Rejyon 2 EPA sou [Twitter](#) kounye a li rele X, epi vizite paj [Facebook](#) nou an. Pou plis enfòmasyon sou Rejyon 2 EPA, vizite [sit entènèt](#) nou an.

23-109 - HC